

Istwa pou Bay Avètisman: Tribilasyon yon Vwayajè avèk Malarya Grav

Mesye Ver Wys t ap retounen lakay li apre li te pase twa (3) semèn an Ayiti kote li t ap travay pou Friend Ships, yon gwoup imanité ki baze nan Port Mercy nan Lake Charles. Li te kite pou ale an Ayiti nan dat 15 janvyè 2005, abò Spirit of Grace, yon flòt bato Friend Ships li itilize pou ranpli misyon li. Li te travay nan kapital Ayiti, Port-au-Prince, kote li t ap fè livrezon materyèl sekou bato a te pote pou benefisyè anvizaje li yo. Li te renmen travay li epi li te jwenn travay la bay li anpil rekonpans, epi li te renmen tout travay li te gen anvan avèk Friend Ships pandan dènye 8 ane yo. Epi pandan sa, premye vwayaj li an Ayiti, li te vin renmen pèp ayisyen an ak peyi yo, yon kote ki gen anpil lavi ak anpil lespwa malgre anpil pwoblèm yo genyen.



Yon bagay moun wè souvan an Ayiti: yon otobis "tap-tap" (Foto CDC.)

Pandan premye vwayaj li an Ayiti, Mesye Ver Wys te dòmi nan bato a. Answit li te desann atè epi li te pase rès tan li nan Port-au-Prince, kote li t ap dòmi nan yon tant ki gen gwoès mwayen nan limit vil la. Te gen anpil moustik ak lòt ensèk nuizib, sitou lannwit, epi Mesye Ver Wys te pafwa itilize pwodui pou pouse moustik pou pa kite yo mòde oswa pike li. Men, li pa t itilize yon moustikè, menmsi kote li t ap dòmi an pa t ni gen ni è-kondisyon ni gen griy kont moustik yo. Yon moustikè ki trete avèk ensektisid, ki bay yon lantouraj pwoteksyon toutotou moun k ap dòmi an, ta pwoteje Mesye Ver Wys pou moustik pa mòde lannwit.

Enfòmasyon sou Grenn kont Malarya

Anjeneral, lè moun vwayaje pou ale nan kèk kote nan lemond kote moun ap transmèt malarya, doktè moun sa yo preskri yo medikaman pou ede yo pa pran malarya. Mesye Ver Wys pa t pran okenn grenn kont malarya, menmsi doktè bato a te rekòmande pou li pran grenn chloroquine pou ede li pa pran malarya. Mesye Ver Wys te panse risk li pou pran malarya te ba, epi li te enkyete pou efè segondè dezagreyab grenn kont malarya a te kapab lakòz. Anpil lòt manm ekipaj la pa t pran medikaman yo selon enstwiksyon doktè oswa yo pa t swiv gid pou prevansyon nonplis. Answit, pandan lòt travay pou travay avèk Friend Ships sou zile Roatan nan Ondiras ak Gwatemala, Mesye Ver Wys pa t pran grenn kont malarya. Paske li pa t gen malarya nan vwayaj sa yo, li te panse li pa t bezwen pran grenn kont malarya nan vwayaj sa a nonplis.

Maladi nan Lake Charles

Mesye Ver Wys te toujou gen yon lafyèv epi li pa t gen apeti lè bato a te rive nan Lake Charles nan dat 19 fevriye. Yon ti tan apre li te retounen, paske li te toujou pa t santi li byen, li te ale nan sal-dijans yon lopital lokal pou konnen kisa ki te rive li. Pandan li te nan lopital la, doktè te fè yon move dyagnostik tankou yon moun ki te gen grip. Lopital la te trete li avèk likid nan venn pou soulaje dezidratasyon an epi yo te voye li lakay li nan menm jou a. Pandan kèk jou apre, sentòm yo te vin grav, epi li te vin pi fèb ak twouble.

Mesye Ver Wys pa sonje anyen ankò nan dènye moman li te malad. Zanmi, manm fanmi, ak travayè sante ki te pran swen li pandan maladi li te gen pou rakonte li rès istwa li. Mesye Ver Wys te pèdi konesans anpil fwa nan jou yo apre li te ale nan sal-dijans lan, epi yon doktè ki te vizite Friend Ships te deside li te bezwen ale nan yon lopital imedyatman. Mesye Ver Wys ale nan W. O. Moss Regional Medical Center, yon lopital Louisiana State University ki nan Lake Charles, byen ta lannwit lan nan dat 24 fevriye. Nan lopital la, li t ap depale, li te pran anpil tan pou reponn lòd senp yo. Answit, li te vin twouble ofi-amezi. Sentòm sa yo te endike sèvo li pa t fonksyone byen. Li te gen yon lafyèv fò a 103 degre Farenayt, tansyon li te ba yon fason ki bay kè kase, epi batman kè li ak ritm respirasyon li te wo yon fason ki pa nòmal. Tès laboratwa li yo te montre li te pèdi san, epi plakèt li yo (yon eleman san ki enpòtan pou kowagilasyon san) te ba, sa ki te mete li arisk pou senyen anpil. Tès laboratwa yo te sijere fwa li ak ren li yo pa t fonksyone byen nonplis.

Sè li Mary Lou ak frè li George, ki te soti nan Michigan pou ale bò kabann Mesye Ver Wys, te gen laperèz akòz aparans li, epi yo te pè pou li pa t mouri. Yon te diskite sou ki aranjman pou swen alontèm yo ta dwe fè si li te dwe siviv men si li gen domaj nan sèvo. Zanmi Mesye Ver Wys ki nan bato Friend Ships te mete yon mesaj sou sitwèb yo pou mande moun pou yo lapriyé pou sante li.

Dyagnostik

Erezman pou Mesye Ver Wys, de (2) doktè ki te wè li nan lopital la, te sòti nan Pakistan ak Pewou, peyi kote moun gen malarya souvan. Lè yo te vin konnen istwa vwayaj Mesye Ver Wys, yo te mete malarya anpremye nan lis dyagnostik posib yo. Yo te sispèk pandan tan Mesye Ver Wys te pase nan Port-au-Prince, yon moustik ki gen parazit malarya te mòde li. Parazit yo te antre nan san Mesye Ver Wys, kote yo te grandi epi miltipliye san pwoblèm paske li pa t pran okenn medikaman kont malarya.

Laboratwa lopital la te pran echantiyon san byen vit sou Mesye Ver Wys epi yo te simaye san an sou yon lam mikwoskòp ("fwoti sangen"). Yo te egzamine fwoti sangen yo anba yon mikwoskòp epi yo ye wè parazit malarya tip ki rele Plasmodium falciparum. Malarya tip parazit sa a lakòz la se yon malarya ki grav anpil epi li kapab touye moun ki malad ladan. Kontaj parazit nan san Mesye Ver Wys te wo: nan fwoti sangen yo, youn sou chak 20 globil wouj te enfekte avèk yon parazit malarya. Rezilta tè s sa yo te jistifye sentòm Mesye Ver Wys. Malarya li te afekte sèvo li (malarya serebral), ki se youn nan efè ki pi ka touye moun malarya kapab gen sou kò a.

Tretman

Lè doktè te dekouvri Mesye Ver Wys te gen malarya, yo te trete ka li kòm youn ijans medikal. Li te resevwa de (2) medikaman ki fò kont malarya, quinidine (ki sanble ak quinine) nan yon enjeksyon lan nan venn pou bay medikaman an pi vit, ak doxycycline, yon antibyotik ki touye parazit malarya tou. Answit, li te resevwa anpil transfizyon globil san ak plakèt pou korige domaj parazit malarya a fè nan san li.

Paske W. O. Moss Regional Medical Center, tankou pifò lopital nan Etazini, trete malarya sèlman nan ka ki ra, doktè li yo te konsilte CDC nan telefòn** epi yo te itilize Gid ki baze sou Sitwèb CDC pou Klinisyen pou tretman ka difisil sa a. Pandan anpil jou, kò Mesye Ver Wys t ap batay kont malarya. Li te bouje ant diferan nivo konsyans.

Finalman, apre kat (4) jou nan Inite Swen Entansif, Mesye Ver Wys te kòmanse vin pi byen, pètèt pou vin gen konsyans nòmal ak siy vital nòmal.


Li te jwenn egzeyat li apre 10 jou nan lopital la. Depans total pou tan li te pase nan lopital la se te \$23,383.15 dola.

Rezolisyon

Nan moman entèvyou sa a, de (2) semèn apre tribilasyon li, Mesye Ver Wys retounen nan bato li.

Li te kòmanse travay ankò. Menmsi li santi li refè, li potko geri nèt epi li toujou bezwen gen gwo sè li te pèdi a pandan li te malad.

Mesye Ver Wys di konsa, "Lòt fwa m ap vwayaje nan yon kote mwen arisk pou pran malarya, m ap pran grenn mwen yo. Mwen swete istwa sa a ap konvenk lòt moun pou yo fè menm jan."



Fwoti san doktè pran sou Stuart Ver Wys, ki montre globil wouj ki enfekte avèk parazit malarya ki rele Plasmodium falciparum. (Koutwazi LSU HCSD - W.O. Moss Regional Medical Center)



Stuart Ver Wys (nan mitan) ki ap vizite Inite Swen Entansif kote li te jwenn tretman an, ak de (2) nan doktè li yo, Dr. Mohamed Sarwar (agòch) ak Dr. Carlos M. Choucino (adwat). (Koutwazi LSU HCSD - W.O. Moss Regional Medical Center)



Stuart Ver Wys ap refè . Nan fon an se Spirit of Grace, bato ki te mennen li an Ayiti. (Koutwazi Clark Davis)

Nòt anba paj

* Stuart Ver Wys te bay Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) pèmision pou fè entèvyou avèk li, pou diskite sou istwa medikal li avèk doktè ki te trete li, epi pou pibliye istwa li

Pwoteje tèt ou kont malarya

- Ale nan klinik doktè ou 4-6 semèn anvan ou vwayaje.
- Pran grenn kont-malarya egzakteman jan preskri pa doktè a .
- Pa kite moustik mòde ou, sitou pandan lannwit.
- Si ou vin malad pandan oswa apre vwayaj ou, petèt ou gen malarya: wè yon doktè imedyatman.